# Erkin hám abadan turmısımızdıń girewi

Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń 2020-jıl 17-dekabrdegi «Ózbekstan Respublikası mámleketlik ǵárezsizliginiń otız jıllıq bayramına tayarlıq kóriw hám onı joqarı dárejede ótkeriw haqqında»ǵı qararınıń orınlanıwın támiyinlew maqsetinde respublikamızda «Jańa Ózbekstanda erkin hám abadan jasayıq!» ideyasın ózinde jámlegen shólkemlestiriwshilik-ámeliy, ruwxıy-aǵartıwshılıq jáne úgit-násiyatlaw ilajları baslandı.
Nókis qalasındaǵı 46-sanlı ulıwma bilim beriw mektebinde bolıp ótken «Jańa Ózbekstan-Jańa Renessans» atamasındaǵı ushırasıwda respublika Ruwxıylıq hám aǵartıwshılıq orayı basshısı M.Xodjimatov, Ózbekstan xalıq artisti M.Ywlchieva, Ózbek mámleketlik drama teatrınıń aktyorı, Ózbekstan Respublikasına xızmet kórsetken artist H.Tashpolatov hám basqalar shıǵıp sóylep, Prezidentimizdiń basshılıǵında elimizde sońǵı jılları ámelge asırılıp atırǵan keń kólemli reformalarǵa toqtap ótti.

Image not found or type unknown

Atap ótilgenindey, ámelge asırılıp atırǵan reformalar nátiyjesinde elimizdiń siyasiy, huqıqıy, sociallıq-ekonomikalıq, ruwxıy-aǵartıwshılıq turmısın túp-tiykarınan jańalaw, «Milliy tikleniwden – milliy rawajlanıwǵa qaray» ideyasın real waqıyaǵa aylandırıw baǵdarında salmaqlı jetiskenliklerge erisilmekte. Jańa Ózbekstandı qurıw maqsetinde keń kólemli reformalar, turmısımızdıń barlıq puqaraların erkinlestiriw, ekonomika hám onıń tarmaqların, jeke menshik isbilermenlikti jedel rawajlandırıw baǵdarında úlken ózgerisler xalqımızdı ayrıqsha quwanıshqa bólemekte. Álbette, bulardıń tiykarında elimizdiń óz ǵárezsizligine eriskenligi bolıp tabıladı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Bıyılǵı jılı elimizdiń mámleketlik ǵárezsizliginiń otız jıllıq bayramı keń túrde belgilenedi. Mámleketimizdiń barlıq jerlerinde bul úlken bayramdı joqarı dárejede ótkeriwge hár tárepleme tayarlıq jumısları alıp barılmaqta. Usı múnásibet penen respublikamızda belgili ilimpazlar, dóretiwshi zıyalılar hám jámiyetlik shólkemlerdiń wákilleri qatnasında ótkerilip atırǵan mádeniy-aǵartıwshılıq ilajlar hám ádebiy keshelerdiń tiykarǵı maqseti, milliy

ǵárezsizligimizdiń mazmun-mánisin hám áhmiyetin xalqımız arasında keńnen úgit-násiyatlaw bolıp tabıladı.

Image not found or type unknown

Image not found or type unknown

Haqıyqatında da, ótken qısqa waqıt ishinde puqaralardıń sociallıq mashqalaların sheshiw, huqıqları menen nızamlı máplerin qorǵaw, xalıqtıń bántligin támiyinlew, onıń real dáramatların izbe-iz arttırıp barıw, tálim-tárbiya, ilim, mádeniyat, kórkem óner hám ádebiyat, sport tarawların túp-tiykarınan rawajlandırıwǵa ayrıqsha áhmiyet berilmekte. Jámiyetimizde tınıshlıq hám turaqlılıq, milletleraralıq tatıwlıq hám diniy keńpeyillikti támiyinlew, jaslardı milliy hám ulıwma insanıylıq qádriyatlar ruwxında tárbiyalaw boyınsha ámelge asırılıp atırǵan áhmiyetli jumıslar ámelge asırılǵanlıǵı ayrıqsha atap ótildi.

Image not found or type unknown

-Búgin kúni qaysı tarawdı alıp qaramayıq, unamlı ózgerislerdiń gúwası bolasız,-deydi Ózbekstan xalıq artisti Munojat Ywlchieva.-Bunı Qaraqalpaqstan Respublikası mısalınan da ayqın kóriwimizge boladı.
Usı kúni Berdaq atındaǵı Qaraqalpaq mámleketlik universitetinde «Bekkem shańaraq-jámiyet kórki» temasında dógerek sáwbeti, Nókis qalasındaǵı «Bestóbe» mákan puqaralar jıyınında «Máhállem maqtanıshım meniń-tınıshlıǵım baxtım meniń!» temasında xalıq penen ushırasıw hám basqa da ilajlar bolıp ótti.

D.ABIBULLAEV,
Qaraqalpaqstan xabar agentliginiń sholıwshısı.